ADLN Perpustakaan Universitas Airlangga

# LAMPIRAN PERCAKAPAN

## Pengedar Narkoba, 18 Januari 2014

| | |
|---|---|
| Gilang | : "Dino iki awak dewe iki pingin ngilingno bahwa yang namanya peredaran-peredaran narkoba iki luar biasa" |
| Hilmi | : "Aku nek krungu peredaran-peredaran narkoba iku Cak nang kuto-kuto sing gede iku. Nang Kota-Kota, Kecamatan, bueh! nang Deso beuh! gak sing gede, gak sing cilik, enom, tuek koyoke kuabeh! |
| Gilang | : "Iyo, Cak luar biasa, iku nek wayahe riyoyo sing jenenge mercon,kembang api" |
| Hilmi | : "Kok mercon seh! kok kembang api sing diomong, narkoba!" |
| Gilang | : "Nah, iki Cak, narkotika ini penting dihindari, mangkane lek onok wong gerak-gerik'e aneh-aneh iku sampeyan waspadai, ngunu lho" |
| Hilmi | : "Karena orang bergerak-gerik aneh itu bisa jadi melakukan sesuatu yang tidak sesuai dengan aturan bisa jadi prilakune melanggar aturan" |
| Hilmi | : "Narkotika!" |
| Guteh | : "Narkotika, Narko dan Tika, wow! aku sedang berusaha untuk mengajak saudara-saudara,dulur-dulur minimal keluargaku, Cak. Ojok sampai berurusan dengan Narko dan Tika ini masyaallah, Cak..aduh! |
| Hilmi | :"Pasangan serasi, gak kenek ditinggalno selalu bersama-sama, kemana-mana" |
| Hilmi | : "*Flying* itu olaraga apa? yang meluncur itu ya?" |
| Mister Takrib | :"Ha? itu kalau bahasa indonesia bermain kalau bahasa inggrisnya *playing*, iya" |
| Gilang | : "Wes pokoke aku ngilingno Sampeyan ati-ati yo, opo sing jenenge narkotika yang sangat berbahaya dan membuat kita menderita karena banyak kecanduan yang tercandi, tercandu maksudku karena kalau sudah tercandu itu kecanduannya sangat tercandu, Cak. Dan ketika mencandu itu kecanduannya sangat luar biasa, akhirnya jangan sampai kita kecanduan supaya tidak tercandu. Lha lek tercandu iku, wow! luar biasa kecanduan itu bisa mencandu kita Cak" |
| Hilmi | : "Hadoh, mbulet ae! isuk-isuk ngomong candu-candu tok ae" |

**Penyeruh golput akan ditindak hukum, 26 Februari 2014**

| | |
|---|---|
| Mbah Takrib | : “Mi, rungokno.” |
| Hilmi | : “Opo-opo?” |
| Mbah Takrib | : “Rungokno koen, *njegudek!* aku iki mangkel negarane awak dewe iki lapo atek pemilu-pemilu barang gak penting, wes ndang di pilih- di pilih ngunu lho, mbujuk’i tok wong-wong iki, mbujuk’i tok! aku mangkane, awakmu tak kandani, aku njalok tulung awakmu bantu aku, mene golput ae, golput ae yo?” |
| Hilmi | : “Lho, penggembosan ini ya?” |
| Guteh | : “Bapak tomas Hilmi, apa tanggal 9 April ini wajib kita nantinya memeleh? |
| Hilmi | : “Opo, memeleh?” |
| Guteh | : “Memeleh! |
| Hilmi | : “Memilih, mencoblos, memilih” |
| Guteh | : “Maaf Cak Hilmi, saya tidak bisa bilang memilih bapak Hilmi, saya bisanya memeleh!” |
| Penyiar | : “ Yo opo, golput-golput?” |
| Penelpon | : “Golput-golput wis gak melok-melok ngunu, koplok’e ireng klambine putih (tertawa)”. |
| Penyiar: | : “(Tertawa) cocok !” |
| Penelpon | : “Tapi, engkok lek wis dadi iku yok opo gawe dulur-dulur kabeh iki? apa oleh bəras satu kg atau beras satu *sak* (karung).” |
| Penyiar | : “Astafirullahaladzim.” |
| Penelpon | : “Lho, jare untuk kesejahteraan rakyat?” |
| Penyiar | : “Yo, engkok tak jalukno-engkok tak jalukno.” |
| Gilang | : “Yo, opo Cak untuk orang golongan putih ini apa perlu ditindak?” |
| Penelpon | : “Calon pemimpin yang kurang tepat. Coba kalau dikerjakan dengan betul untuk kepentingan rakyat gak ada yang namanya orang miskin hidup di dalam kandang kambing, tidak ada orang miskin makan tiwul, jadi sampai pelosok begitu sengsaranya ini kan karena pemimpin kita memikirkan daripada kepentingannya sendiri sehingga pilihan golput saking jengkele”. |

**Caleg Bayar Saksi, 7 Februari 2014**

Guteh : "Dhe' remma caranya cari pesse? duek,uang!
Hilmi : "O, golek duek ngomongo"
Guteh : "Dadi, Romo gak ngerti kebutuhane anake dok remma ae kah!"
Guteh : "Rekan kulo maju ndok caleg, ketokane akeh persoalan, Mo. Engken punikah iki caleg matur nang TPS, tentang biaya nikoh.
Hilmi : "Aku gak ngerti nek onok buto pesek iku, gak ngerti! Sing ngerti buto iku rambute geni, motoe ombo, irunge dowo."
Guteh : "Gak usah sindir-sindir pesek,Mo! iki suwe-suwe romo diantemi anake iki *dhe'*.
Hilmi :"Aku bingung anake boso meduro, lha yo bosoe dikongkon ganti kok!
Guteh : "Iki boso inggris, Mo!"
Hilmi : "Boso inggris, endi?

**Siswi Hamil, 19 Februari 2014**

Mbah Takrib : "Cak Hilmi, aku sedih Cak Hilmi."
Hilmi : "He, Aku iki kepala sekolah ape nyelok wali murid sing anak'e duwe masalah, menghadapi ujian nasional. Anak Sampeyan iku onok masalah, Anak Sampeyan iku!
Mbah Takrib : "Iki seandaine anakku pengen melok ujian nasioal sekolahe ya apa kira-kira?"
Hilmi : "Aku ngerti Sampeyan gelisah, aku ngerti sampeyan susah. Anak sampeyan tidak bisa ikut unas tapi ini peraturan menteri no 97 tahun 2013 pasal 8, lek masalah pasal celuken Cak Gilang ae."
Mbah Takrib : "Assalamualaikum"
Hilmi : "Walaikumsalam, Mbah Takrib"
Mbah Takrib : "O, Pak Hilmi (nangis)"
Hilmi : "Teko-teko ngguyu apa yang digembirakan apa? kok datang langsung tertawa?"
Mbah Takrib : "Huahahahaha, Hilmi (nangis)"
Mbah Takrib : "Dadi anakku iku tersangkut."

Hilmi : “Gak onok tersangkut, tersangkut opo? ngawur ae!”

Mbah Takrib : “Iki jarene gak oleh melok ujian, yo opo seh, Cak Hilmi, Ya Allah..Ya Allah, Mi. Mosok sampeyan tego. Terus yo opo kiro-kiro nasib’e anakku iki, Mi, Ya Allah, Mi. Pokoke kok onok kebijakan *c  k* (biar) anakku oleh melok ujian yo opo, Mi?”

Hilmi : “Ngene-ngene Aku wes ngerti. Anak peno iku Mbah Takrib lagi di rundung masalah sedang mengalami masalah hamil karena kebijakan ini bahwa anak yang hamil itu dilarang ikut UNAS”

Mbah Takrib : “Hadoh, yo opo iki Rek nasibe anakku iki, padahal aku wes berusaha maksimal untuk membuat dia bersekolah dengan baik dan benar, ealah ternyata saiki areke halim, aku kan pusing”

Hilmi : “Makane Mbah, anake dijogo”

Mbah Takrib : “Aturan nang diknas iku yo opo tolong aku dijelasno po’o,Mi. Dinas iku aturane kek opo terus kemudian sekolahku yo opo tolong dijelaskan mulai awal supaya jelas”

Hilmi : “Peraturan iki masio anak-anak Sampeyan melok unas tapi sekolah berhak untuk tidak meluluskan, isok gak ngelulusno kerono nanggone sekolah iki onok pendidikan morale, masih ngototo melok unas, engkok gak sesuai dengan keadaan sekolahe koyok ngunu dinyatakan gak lulus. Iki ngene gara-gara Sampeyan, lapo anak Sampeyan ngunu Sampeyan jarno ae metu jam 12 bengi meneng ae, ngunu jare kecelakaan.

Mbah Takrib : “Sakjane peraturan nang sekolah iki yo opo seh, Mi?”

Hilmi : “Gak oleh!”

Mbah Takrib : “Aturan nang Diknas iku yo opo tolong aku dijelasno po’o,Mi. Dinas iku aturane kek opo terus kemudian sekolahku yo opo tolong dijelaskan mulai awal supaya jelas”

**KPU Sidoarjo Melarang Merokok di TPS, 20 Februari 2014**

Gilang : “Cak, yo opo sido nggawe tulisan aku wes pesen tiket iki”

Hilmi : "Pesen opo? tiket opo?"
Gilang : "Ke Jedah, ngawur ae yo opo"
Hilmi : "He, nang pasar gak ono kertas ta?"
Gilang : "Iki kualitas bagus ini, Cak."
Mbah Takrib : "Kamu itu sudah tau aturan yang baru, orang-orang yang masuk TPS itu dilarang merokok atau tidak boleh merokok itu salah satu upaya untuk menciptakan ketertiban untuk mengantisipasi keamanan. Lha, pertanyaanku sekarang adalah apakah sudah kamu tulis peringatan yang di lapangan dilarang merokok itu?"
Hilmi : "Sek digawe mas Andik Mbah tulisane"
Mbah Takrib :"Astafirullahaladzim!bener-bener keterlaluan, RT sini ini ya! apakah warga sini gak ada yang tidak pakai baju ya, kok pakai tulisan, pakai baju dong! Minimal pakai sarung kalau perlu pakai jaket dipinjemi gitu lho! kok pakai tulisan ya allah."
Gilang : "Asbak-asbak."
Hilmi : "Lapo nggowo asbak? ngawur ae, asbak-asbak! gak usah rokok'an, gak ngerti ta iki? gak paham ta iki onok aturan anyar sing dimunculno, Sampeyan gak eroh ya ta?"
Gilang : "Panitia harus merokok"
Hilmi : "Ngawur! panitia gak oleh merokok kok!"
Penelpon : "Kalau petugas melarang untuk merokok orang-orang yang menunggu di Tempat Pemungutan Suara (TPS) harus ada penggantinya, Cak. Jadi pengganti rokok itu harus ada camilan, onok es e cek gak kobong. Saiki kotak suara yang dulu kemana?"
Hilmi : "Kan sudah masuk."
Gilang :"Sudah rusak, sudah rusak. Sidoarjo gak onok, Sidoarjo gak onok be'e."
Hilmi : "(Tertawa), Iki loh onok aturan gak oleh rokokan. Aku bayangno, lek Aku s h gak ngerokok, bayangno sing ngerokok-ngerokok gak oleh rokokan lak kecut."
Gilang : (Tertawa), lha yo, Cak.
Mbah Takrib : "Assalamualaikum"
Hilmi : "Hmm! koen penyakite teko"
Mbah Takrib : "Cak Hilmi"
Hilmi : "Opo"

**Coblosan, 9 April 2014**

Hilmi : "Aku nyoblos jam piro mbah? aku nyoblos jam piro?
Mbah Takrib : "Nek, nyoblos iku papat, siji DPR RI, DPD, Provinsi, Kabupaten Kota, Mi!
Hilmi : "Aku nyoblos jam piro!"
Hilmi : "He, Sampeyan wes nyoblos?"
Mbah Takrib : "Aku? aku seorang kapiten"
Hilmi : "Mblarah-mblarah! Iki dino coblosan Sampeyan wes nyoblos ta?
Mbah Takrib : "Aku wes nyoblos, ojok macem-macem!"
Hilmi : "Nyoblos jam piro? budal jam piro sampeyan mau?
Mbah Takrib : "Aku maeng jam piro yo? enake jam piro, Mi? yo,jam 8an berangkat, yo opo pas gak, lek gak pas tak rubah maneh"
Mbah Takrib : "Awakmu lapo gak nyoblos?"
Hilmi : "Aku durung, Mbah, durung nyoblos"
Mbah Takrib : "Oalah saknoe, Rek dikurung"
Hilmi : "Hadoh, sopo sing dikurung?"
Mbah Takrib : "Awakmu iki tanggal 9 iku dimana kita merupakan kewajiban atas opo jenenge semua yang kita harap-harapkan sehingga kita itu menjadi harapan semua harapan karena jika harapan ini harapan maka akan menjadi sesuatu yang diharapkan"
Gilang : "Sek jam 10.40 menit sing Sampeyan durung nyoblos, ayo ndang berangkat nyoblos. iki onok wayahe sing durung tau nyoblos iki onok beberapa cara yang mungkin kita akan ingatkan ben gak keliru nyoblose ya. Yang pertama sak durunge nang TPS, ados disik ben ketok bois yo, teko TPS antri disik gak oleh eyel-eyelan, sing lanang lungguh gak usah medingkrang, sing wedok lungguh gak oleh koyok ayam berkokok. Ijolno surat sing teko RT diijolno surat suara. Ojok keliru ngomong surat yo. Engkok surat gaden sing diijolno (tertawa), lek wes mari lipeten koyok biasane ojok mbok untel-untel, lha mbok kiro gombal opo, ndang lebokno kotak suara, mlakumu biasa ae gak usah koyok artis papan atas. Lek wes dicoblos langsung ae drijine dicelupno tinta, driji ae ojok liyane engkok tintane digawe raup, gak usah foto-fotoan koyok arek alay. Ojok lali mateni kompor, masak ojok ditinggal marikno disik yo tekan omah sujud

syukur, rebo paing dadi sampeyan gak usah teko nang Kantor. Iling-ilng dulur soale penting bagi sampeyan"

Hilmi : "Sampeyan iku isok ae, Cak (tertawa)

**Pesawat Presiden, 11 April 2014**

Hilmi : "Tuku pesawat iku piro regane? Dueke sopo?

Mbah Takrib : "Pesawat iku yo, Mi adalah alat untuk mengantar kita ke tempat satu ke tempat yang lain dengan cara terbang"

Hilmi : "Deloken masyarakat kecil iku! dadi menteri kok gak ndelok rakyat kecil iku lho!

Mbah Takrib : "Endi pesawat kecil iku? pesawate gede, ngawur ae!"

Hilmi : "Lho yo opo, masyarakat ini banyak membutuhkan, masyarakat ini!"

Mbah Takrib : "O, ngunu yo masyarakat"

Hilmi : "Opo seh tujuannya beli pesawat itu?"

Mbah Takrib : "Aku ta? tujuanya kesini ketemu kamu"

**DPD Baru, 23 April 2014**

Hilmi : "Aku nek tak rungok-rungokno jare dadi Krib,lolos?

Mbah Takrib : "Wingi dadi terus saiki ke geser"

Mbah Takrib : "Terus mari ngene programmu opo Mi, lek wes dadi?"

Hilmi : "Halah, sing penting lungguh disik programe kari-kari"

Hilmi : "Krib…Krib dadi Krib?"

Mbah Takrib : "Dadi, Co! Ngawur ae! ojok macem-macem awakmu!"

Mbah Takrib : "Entek piro, Mi?"

Hilmi : "Aku ta? yo uakeh untung awak dewe dadi gak dadi ngunu wadah..da..da..da..da, ludes!"

Hilmi : "Koncone awak dewe ngadek"

Mbah Takrib : "Sopo?"

Hilmi : "Koncone awak dewe nomer siji pisan, terus lapo lek mari ngunu?"

Mbah Takrib : "Mbalikno modal, Mi"

**Doli ditutup, 24 April 2014**

Mbah Takrib : "Aku iki wes menanamkan investasi untuk bisnis ini"

Hilmi : "Terus?"

Mbah Takrib : "Tiba-tiba pemerintah mau menutup, yo opo nasib investasiku?
Hilmi : "Lha, ket biyen kan wes diomongi"

Hilmi : "Ayo nang pemerintah, ayok!
Mbah Takrib : "Menangis"
Hilmi : "Menangis! me..me..opo toh yo! me.. opo jenenge? tinju terus ono musuhe iku opo jenenge? Menantang!
Mbah Takrib : "Makane, aku dewe bingung, Mi"
Hilmi : "Lapo?"
Mbah Takrib : "Lha yo, opo'o aku bingung, Mi. Aku iki bingung opo'o kok aku bingung, coba aku gak bingung mungkin aku gak bingung"
Hilmi : "Bingunge kenek opo lak ngunu!
Mbah Takrib : "Lha yo iku! aku bingung opo'o kok aku bingung"

**Omset Industri Percetakan menjelang Pilkada, 25 Februari 2014**

Guteh : "Sing didol Sampeyan nang aku, sing ndok truk iku ta?"
Hilmi "Iyo"
Guteh : "Wah! sip iku, kalau Saya pikir-pikir saya sangat tertarik sekali dengan kertas-kertas yang ada di truk karena itu saya berharap kepada Cak Hilmi untuk memberikan tawaran kepada saya. Berapa harga yang saya bayar untuk penawaran kertas di atas truk tadi, *tak iye*. Adapun urusan kita ini urusan yang halal, urusan jual beli yang didasarkan pada perjanjian ijab dan qobul alias akad perdagangan, *tak iye*."
Guteh : "Awakmu iku cukup dikei 500 ewu, Mi. Kok isok njalok 500 juta iku lho, ya allah. Ayo ndang balekno nang aku 499.500.000, ayo balekno, kalau nggak aku tuntut kamu ke Penghulu"
Hilmi : "He..he..he duek iki dikei Cak Gilang"
Guteh : "Karena ini sesuai dengan ajaran agama islam, Cak Hilmi yo opo lek harganya 500 ribu?"
Hilmi : "Obongen gak apa-apa obongen, pe'en-pe'en"
Guteh : "Lho, dhe' remma wong iki"
Hilmi : "Pe'en-pe'en"
Guteh : "Tadi katanya minta 84 juta?
Hilmi : "Gak sido- gak sido"
Guteh : "Ha? ini boleh tak bawa pulang?"

Hilmi : " Ya, gak apa-apa"
Guteh : "Ha?"
Hilmi : "Ngomongo sing duwe, pamito sing duwe"
Guteh : "Lho, pamito sing duwe ini punya sapa?
Hilmi : "Iki sing duwe Takrib"
Guteh :Lho, berarti Sampeyan corang, *tak iye*"
Mbah Takrib : "Oalah, awakmu iku dodolan ta?
Hilmi : "Lho, Aku di kongkon Cak Gilang, e"
Mbah Takrib : "Masya Allah, Mi..Mi."

**Pengungsi Gunung Kelud, 18 Februari 2014**

Mbah Takrib : "Halah, Awakmu ojok ngomong ta! lek aku ngomong Aku watuk, Awakmu gak usah ngomong nggarai pilek."
Hilmi : "Lha yo ! kakean beldok. Wong gak ngerti-ngerti ae!"
Mbah Takrib : "Jam yamene mangan tok pikiranmu!
Bedok iku suwe, bedok iku. Ya allah-Ya allah."
Hilmi : "O, wong ngomong beldok kok bedok!"
Mbah Takrib : "Lho, Mi awakmu kok wes di ke'i wong, Mi?"
Hilmi : "Lho, Sampeyan kan wes nampani,lho?
Mbha Takrib : "Lho, yo opo aku sing berupaya awakmu dadi bendahara.
Hilmi : "Iki ngunu pengaruh abu pengaruh beldok.
Awak dewe nang pengungsian dan bolak balik kenek beldok."

**Bagi-Bagi Kondom, 3 Desember 2013**

Hilmi : "Kok isok kamu dom-dom kondom, ngawur ae!"
Mbah Takrib : "Salah Cak?"
Hilmi : "Salah!"
Mbah Takrib : "Gak gelem?"
Hilmi : "Gak! sasarane yo salah pisan"
Mbah Takrib : "Makanya aku hari ini membagi-bagikan moknod, modkom"
Hilmi : "Opo iku moknod iku opo?"
Mbah Takrib : "Kondom"
Hilmi : "He, aku iki berkelana beneran yo to? Melok kyai sopo ae ngaji nangdi ae, awak dewe iki wong NU, Rek. Yo opo Sampeyan iku disembronokno, gak emoh! "
Mbah Takrib : "Gratis iki, Mi ukuranmu XL yo?

**Penggerbekan Teroris, 2 Januari 2014**

Komandan : "Waduh, rek-rek ! wong mbeleh petek kok ditembak! ngawur ae iki ! Hari ini masak apa? Hari ini masak apa?" Yang mau disuguhkan?"
Gita : "Sayur asem oseng-oseng mercon."
Komandan : "Opo! yo emplok'en dewe cek lambemu beldak."
Gita : "Sama ini Pak, granat goreng"
Komandan : "Gita, kalau masak sayur asem satu panci berapa asemnya, asemnya berapa?"
Gita : "Ya, biasanya airnya satu liter asamnya 1kg, Pak"

***Money* Politik, 6 Maret 2014**

Hilmi : "Jadi Sampeyan itu memanfaatkan momentum pemilihan digawe golek duek ngunu a?
Mbah Takrib : "Nggak, kita itu harus tau strategi mereka yang sudah disesuaikan. Amplopan nggowo kotak amal. Pak, Sampeyan ngerti kan di akhirat itu indahnya luar biasa Ustadz, ngunu jadi ini masa-masa indah bagi anda untuk menunjukan bahwa anda ini memang orang-orang tawakal kepada allah swt, suka beramal dan tidak suka kencing diperempatan kan gitu?"
Mbah Takrib : "He, yo opo wes menemukan jalan untuk kita?"
Hilmi : "Jalan nangdi? jalan ada dua, jalan kiri, jalan kanan wok!"

**Ngamen untuk Sartina, 27 Maret 2014**

Hilmi : "Berarti gak ikhlas, Sampeyan gak ikhlas!
Mbah Takrib : "Bukane gak ikhlas, kabeh-kabeh hukum pancung njaluk ditebus suwe-suwe Indonesia iki remek, rakyate akeh sing melarat,bingung. Wong siji, nyowo siji wes jarno! Salahe dewe de'e nyolong, membunuh. Ndok Medan contohe onok arek SD, ngopeni bapake loro

gak onok sing perhatian paling pun misale mau diobati kasihlah 100juta untuk modal, 50juta untuk usaha mari, Mi! nek 150 juta x 10 iku berarti 1,5 milyar, katakana misal mau dibantu untuk orang butuh 15 juta iku lho wes tepat genah ganteng! 15 x berapa untuk jadi 22 milyar. Coba mau belani wong sing melarat ndok kene dan juga sakit opo belani wong siji? nek aku dadi pemimpin baba po'o gendeng mangan semir be'e! pemerintah iku ojok goblok-goblok!

**Menyatu Dengan Alam, 14 Februari 2014**

Gilang : "Opo ae sing onok, merapi, gunung meletus onok, longsor onok akeh, banjir onok, Situbondo iki tanah retak, Supermarket! Sampean njalok opo onok."
Hilmi : "Hmm…Onok maneh sing pusat mega Supermarket."
Gilang : "Opo?"
Hilmi : "Lumpur Lipindi (tertawa)."
Gilang : "Lumpur Lipindu, ada orang yang mengatakan

**TOGEL, 04 Oktober 2013**

Hilmi : "He, toilet iku nomere piro?"
Gilang : "Ojok nomere, regone-regone!"
Hilmi : "Berarti iku ae angkane 3,5,9, aku pasang iki ae sip!"
Gilang : "Wes sak kop'e ta iku?"
Hilmi : "Wes, 10.000 berarti entuke 200.000 lumayan. Cak, aku titip yo, lek ketemu Takrib aku pasang 3,5,9"
Gilang : "Piro?"
Hilmi : "3,5,9"
Gilang : "Iki nomere teko endi? 3,5,9 iku?"
Hilmi : "Mimpi..mimpi...mimpi…Co, ngawur ae!"